# Общешкольное мероприятие

## Тема:

# «Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мац1алъул къо»

***21.02.2019г.***

**Подготовила: учитель аварского языка Амачева З.Р.**

с.Гостала 2018г.

Байрам т1обит1ула рахьдал мац1алъул учительницаялъул нухмалъиялда гъоркь МКОУ «Госталинская ООШ» ц1алдохъабаз.

1. **Байрамалъул мурадал:**

1. Рахьдал мац1алъул къо к1одо гьаби.
2. Ц1алдохъаби жидерго миллат ц1унизе т1ами, рахьдал мац1 бокьи ва гьеб к1одо гьаби.

3. Ц1алдохъабазул церерахъин (7-9 кл)

3.Байрамалъул г1ахьалчаг1и:
Юсупова Патимат-9 класс
Хасаева Вахидат-9 класс
Хасаев Муса-8 класс
Госенова Халимат-8 класс
Нуралиев Адам-8 класс

Биякаева Умагат-8 класс
Пайзулаева Майсарат-8 кл.
Биякаев Тимур-8 кл.
Амирова Алжанат-7 класс
Абакарова Аят-7 класс
Хасаева Алжанат-7 класс
Хасаева Гульжанат-7 класс

## 4. Байрам иналъул тартиб.

1. Рахьдал мац1алъул учительница З.Амачевалъул к1алъай.
   Щибаб халкъ- гьеб ккола жидер такрарлъи гьеч1еб культураги историяяги г1адаталги. Гьеб киналдаго гьоркьобе уна мац1ги.
   1917 соналъ Россиялда 193 бат1ияб мац1 бук1анлан бихьизабулеб буго. 1991 соналде гьезул 40 мац1 хут1ун буго. Мац1 гьоркьоб анани гьеб т1аг1ани жибго халкъги, гье б халкъалъул историяги, культураги гьоркьоб уна. Мац1 ц1унизе ккананиян абулеб буго г1алимзабаз гьеб мац1алда к1алъазе кколила 100 азарго чи. Киналго заманалда ц1и-ц1иял мац1ал раккулаанила, хадубккун гьел т1аг1инеги т1аг1унаанила.
   Жакъа къоялда жаниб интернеталда лъураб мац1гурони мац1лъун рик1к1унеб гьеч1о. халкъазда гьоркьосеб рахьдал мац1алъул къоялъул аслияб масъалалъун кколеб буго, т1оцебесеб иргаялда, халкъазда гьоркьоса т1аг1ун кколел ругел мац1ал ц1уни, дунялалда т1адго.
   Дунялалда т1ад кинаб халкъалъ кинаб мац1 бицунеб батаниги гьеб ккола гьезул рахьдал мац1, ва гьеб ц1унизеги ккола.
   Нилъер рахьдал мац1 ккола авар мац1. Авар мац1 малъула школалда , гьелда къват1ире риччала т1ахьал, газетал журналал. Гьеб цебет1езабиялда т1ад х1алт1ула г1алимзаби. Нилъер, авар халкъалъул к1удияв шаг1ир Расул Х1амзатовас «Авар мац1» абураб коч1олъ абулеб буго:
   «…Метер маг1арул мац1 хвезе батани,
   Хваги дун жакъаго жаниб рак1 кьвагьун…» -абун
   Гьеб ккола жиндирго халкъалдехун, гьеб халкъалъул культураялдехун ва гьезул историялдехун бугеб рокьи.
   Расулица абухъе нилъедаги т1алъула нилъерго мац1ги, культураги историяги, г1адаталги ц1унизе.
2. «Маг1арулал» Расул Х1амзатов
3. «Авар мац1» Расул Х1амзатов
4. «Маг1арухъ сордо» А.Г1алиев
5. «Дир Дагъистан» Расул Х1амзатов
6. Сценка: Расул Х1 «Маг1арулай»абураб поэмаялдаса босараб гьит1инаб кесек.

## 5. Байрамалъул ахир.

1.Байрам къаялде хурхараб к1алъай.
2.Байрамалъул Х1асил.


БИЦЕ ЗБЕЛАЛЪУЛ
УМУМУЗУЛ МАЦІ
Умумузул ракь Салатавия




Детство и юность
БИЦЕ ЗБЕЛАЛЪУЛ
УМУМУЗУЛ МАЦІ
Сказочный мир